



**DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH
KABUPATEN PURWAKARTA**

Jalan Ir. H. Djuanda No. 11 Telp. (0264) 207908 Purwakarta

RISALAH

**SAWALA KARAHAYUAN
DPRD KABUPATEN PURWAKARTA
DINA RARAGA MILANGKALA
PURWAKARTA KA 189
SARENG
KABUPATEN PURWAKARTA KA 52**

DINTEN : SENEN
PING : 20 JULI 2019
TABUH : 08.00 WIB
DI : RUANGAN RAPAT PARIPURNA DPRD

BISMILAHIRROHMANIRROHIM

ASSALAMU'ALAIKUM WR. WB.

SAMPURASUN

ANU DIPIHORMAT, GUBERNUR JAWA BARAT ANU DINA DANGET
AYEUNA DISULURAN KU ASISTEN

PEMERINTAHAN, HUKUM DAN KESEJAHTERAAN
SOSIAL SETDA PROVINSI JAWA BARAT

ANU DI PIHORMAT, WAKIL KETUA KOMISI IV DPR-RI;

ANU DIPIHORMAT, IBU BUPATI, WAKIL BUPATI PURWAKARTA,
KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, KEPALA KEPOLISIAN RESORT PURWAKARTA;
KETUA PENGADILAN NEGERI PURWAKARTA;
KEPAKLA KEJAKSAAN NEGERI PURWAKARTA;
KETUA PENGADILAN AGAMA PURWAKARTA;
KEPALA KEMENTRIAN AGAMA PURWAKARTA
KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, KOMANDAN RESIMEN ARMED 2 STHIRA
YUDHA/KOSTRAD, KOMANDAN BATALYON
ARMED 9 PASOPATI, KOMANDAN PANGKALAN
UDARA SURYAHARMA (DANLANUD) KALIJATI,
KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, SAKUMNA RENGRENGAN FORUM KOORDINASI
PIMPINAN DAERAH KABUPATEN PURWAKARTA,
KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT TUR DIPIAJRIH, PARA TOKOH NASIONAL ANU
KALERESAN HADIR DINA DANGET IEU;

ANU DIPIHORMAT, PARA PEJABAT SIPIL, TNI / POLRI TINGKAT
KABUPATEN PURWAKARTA KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, PARA ANGGOTA DPRD KABUPATEN
PURWAKARTA KALIH IBU;

ANU DIPIHORMAT, PARA BUPATI PURWAKARTA PURNA BHAKTI:

DIANTAWISNA ANU DIPIHORMAT :

- KULAWARGA ALMARHUM BPK. MUHTAR;
- BPK. DRS. H. SOEDARNA TM, SH;
- KULAWARGA ALMARHUM BPK. DRS. H.
BUNYAMIN DUDIH, SH;
- BPK. DRS. H. LILI HAMBALI HASAN, M.SI
ATANAPI ANU NYULURANNA.

ANU DIPIHORMAT, PARA WAKIL BUPATI PURWAKARTA PURNA
BHAKTI;

ANU DIPIHORMAT, PARA KERTUA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA
PURNA BHAKTI;

DIANTAWISNA ANU DIPIHORMAT :

- KULAWARGA ALMARHUM H. MIRAD SAADI;
- KULAWARGA ALMARHUM H.M. BISRI
HARDJOKO, SH;
- BPK. DR. SIGIT SOEROSO;
- BPK. UCOK UJANG WARDI, SH;
- BPK. SARIF HIDAYAT.

PARA SESEPUH, ALIM ULAMA SINARENG TOKOH MASYARAKAT
PURWAKARTA ANU KU SIM KURING
DIPIHORMAT TUR DIPIAJRIH.

ANU DIPIHORMAT, PARA KEPALA DESA MIWAH RW/RT SA
KABUPATEN PURWAKARTA ANU NYAKSENI
IEU ACARA SAWALA KARAHAYUAN DINA
RARAGANING MIELING TAPAK GELAR (HARI
JADI) KA-189 PURWAKARTA SINARENG
MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA KA-
52 NGANGGE SARANA FASILITAS VIDEO
CONFERENCE.

OGE TEU KAKANTUN, PARA PUPUHU PARTAI POLITIK, ORMAS ISLAM,
LSM, WARTAWAN SINARENG BAPA/IBU,
SAKUMNA TAMU ULEMAN ANU KU SIM
KURING DIPIHORMAT.

BAPA / IBU / KALIH WARGI WARGI SADAYA PARA ULEMAN ANU
KAGUNGAN KAUTAMIAN NYANGKING KALUNGGUHAN SEWANG –
SEWANGAN ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT, HAPUNTEN ANU
KASUHUN, HAMPURA ANU DI TEDA SIM KURING HENTEU NATAAN
NGAWANCIK HIJI HIJI MUGIA KERSA NGAHAPUNTEN.

KUKITUNA SIM KURING SEJA NGAHATURKEUN WILUJEUNG SUMPING
DI KANTOR DPRD KABUPATEN PURWAKARTA.

PURWA KAPISANGGEM, SEJA NGEDALKEUN RASA SYUKUR, KA GUSTI NU MAHA GOFUR, ANU KAGUNGAN KASAMPURNAAN, NEBARKEUN ROKHMAT SINARENG KARUNIA, KANGGO SADAYA MAHLUK-NA.

MUNGGUH HAKEKAT MANTENNA, DANGET IEU, URANG SADAYA PINARENGAN SEHAT LAHIR BATIN, TIASA NGALUUHAN, TUR NGALAKSANAKEUN RAPAT PARIPURNA ISTIMEWA, DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, DINA RARAGA MILANGKALA PURWAKARTA KA-189 SARENG MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA KA-52.

RAPAT DEWAN MIWAH PARA HADIRIN ANU KU SIMKURING
DIPIHORMAT

KIWARI URANG SADAYA NUJU AYA DINA KAPRIHATINAN ALATAN MAYUNAN PASUALAN GLOBAL NGEUNAAN SASALAD ATANAPI WABAH *VIRUS COVID 19* ANU NAREKAB DI SAKULIAH DUNYA. ANU BARIS NGARUGELKEUN TATANAN ELEMEN PANGROJONG KAHIRUPAN BOH DINA WIDANG PANGWANGUNAN, PENDIDIKAN, EKENOMI SARENG KASEHATAN UMAT MANUSA.

KUKITUNA, DINTEN IEU SOK SANAOS URANG TEU SADAYA NA TIASA PATEPANG LAWUH, JALARAN SABAGEAN AYA ANU NYAKSENI IEU

ACARA NGALANGKUNGAN MEDIA *VIDEO CONFERENCE*. NANGING ALHAMDULILAAH REHNA URANG SADAYA MASIH TIASA NGALAKSANAKEUN HAJAT DINA RARAGANING MIELING TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-189 PURWAKARTA SINARENG MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA KA-52.

ANAPON KITU URANG KEDAH TETEP NGAJAGI OGE NERAPKEUN PROTOKOL KASEHATAN SALAMI MASA PANDEMI *COVID 19* , DIBARUNG KU DO'A SINARENG SABAR TAWAKAL. IKHTIAR IEU MUGI JANTEN RAWAYAN URANG SADAYA DINA NYINGLAR WABAH VIRUS *COVID 19*.

RAPAT DEWAN ANU KUSIMKURING DIPIHORMAT

SEJA SINUNGKEM SHOLAWAT MIWAH SALAM PIHATURNA KANJENG NABI MUHAMMAD SAW KALIH KULAWARGA MIWAH PARA SOHABATNA, ANU PARANTOS NUNUNGTUN NYARENGAN URANG SADAYA DINA UJIAN IMAN ISLAM.

KALAYAN NYEBAT ASMA NING GUSTI NU MAHA SUCI, ALLAH NU MAHA WELAS TUR MAHA ASIH :

"BISMILAHIRROHMANIRROHIM"

RAPAT PARIPURNA ISTIMEWA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA,
DINA RARAGA MILANGKALA PURWAKARTA KA-189 SARENG
MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA KA-52, DINTEN IEU, SENEN,
PING 20 JULI 2020 :

===== DIKAWITAN =====
===== KETUK PALU 1 KALI == =====

RUNTUYAN ACARA ANU BARIS LUMANGSUNG:

1. BUBUKA;
2. AOSAN AYAT SUCI AL-QUR`AN;
3. LAGU INDONESIA RAYA;
4. BABAD PURWAKARTA;
5. BIANARA :
 - A. BUPATI PURWAKARTA;
 - B. GUBERNUR JAWA BARAT;
6. DO'A / PANUTUP.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT,

TAPAK GELAR (HARI JADI) PURWAKARTA KA-189, LUYU SARENG
PERATURAN DAERAH NOMER 2 TAUN 2006 ANU SAJARAHA NYOKO
KANA PINASTEN BESLUIT NOMOR 2 TANGGAL 20 JULI 1831
NGEUNAAN PAWASTAAN WILAYAH ANU DISEBAT PURWAKARTA.

DUPI MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA ANU KA – 52, DUMASAR KANA UNDANG-UNDANG NOMER 4 TAUN 1968, NGEUNAAN NGADEGNA KABUPATEN PURWAKARTA SINARENG KABUPATEN SUBANG, NGAROBH TINA UNDANG-UNDANG NOMOR 14 TAUN 1950, NGEUNAAN NGADEGNA DAERAH KABUPATEN, DALAM LINGKUNGAN PROPINSI JAWA BARAT.

DINA DANGET IEU, ESTU KAWILANG BAGJANA, SIM KURING ASMANA PIMPINAN, KALIH SAKUMNA ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, KEDAL LISAN PANGWILUJENG, TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-189 SINARENG MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA KA-52. MUGIA URANG SADAYA, HUSUSNA MASARAKAT PURWAKARTA, NIITIMANGSA TI AYEUNA, JANTEN KAKIATAN ANU WEWEG, KANGGO NGARONJATKEUN PANGWANGUNAN ANU SAGEMBLENGNA SALARAS SARENG DIJANTENKEUNNA **“RIKSA RASA, RIKSA RAGA, PURWAKARTA ISTIMEWA”**. TEMA DINA RARAGANING TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-189 SINARENG MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA KA-52, NU MANGRUPIKEUN DO’A PAMUGI URANG SADAYA NYEUKUTKEUN CIPTA, RASA JEUNG KARSA CINTA URANG KA PURWAKARTA DINA NGAWANGUN PURWAKARTA ISTIMEWA DUMASAR KANA RASA JEUNG RAGA NA NU MULYA.

SAKANTENAN, PANGWILUJENG MILANGKALA HARI BHAKTI
ADHYAKSA KA-60, PING 22 JULI, SARENG MILANGKALA
BHAYANGKARA ANU KA-74. MUGIA GINULUR KARAHAYUAN -
GINANJAR KAWILUJENGAN, KALAYAN KUKUH PENGKUH DINA
NGEMBAN PANCEN SEWANG-SEWANGAN.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT,

LUYU SARENG KASAPUKAN PARA ANGGOTA DEWAN, DINA
GEMPUNGAN BADAN MUSYAWARAH, WIREH MILANGKALA
PURWAKARTA SARENG KABUPATEN PURWAKARTA, HAKEKATNA MAH
NYOREANG MANGSA KA TUKANG. SAKANTENAN NGAJI DIRI,
SUPADOS URANG SADAYA, SALAWASNA SYUKURAN KANA SAGALA
RUPI KABAGJAAN ANU PARANTOS KAHONTAL, SAKANTENAN
NALUNGTIK NAON RUPI KAKIRANGAN.

SALAJENGNA, PERYOGI DIDUGIKEUN SAWATARA LAMPAH. ANU
DIPIHAREP TIASA JANTEN TITINCAKAN NYORANG MANGSA ISUKAN.
LAMPAH ANU DIMAKSAD DIANTAWISNA.

KAHIJI, RAKSA LAMPAH NU KA TUKANG:

RAKSA LAMPAH NU KA TUKANG, MANGRUPA PANGELING. SAKUMAHA
DAWUH ROSULULLAH, IBARAT KERTAS BODAS, PANGELING-ELING

WANGI KALIWAT. KU KITUNA, UCAP SINARENG TEKAD ANU AYA
MANGPAATNA, PIKEUN SASAMA, PIKEUN BATUR SADULUR, BATUR
SALEMBUR, KUM RAHAYAT PURWAKARTA.

PAMARENTAH KABUPATEN PURWAKARTA MIBANDA PANGAJEN
DIANATARANA :

- PROFESIONALITAS ASN DINU PELAYANA PUBLIK.
- PNGAJEN NGARONJATNA TI PAMARENTAH REPUBLIK INDONESIA
NGALANGKUNGAN MENTERI KEUANGAN NGEUNAAN KASUKSESAN
DINA NYIAPKEUN SARENG HADEKUEN PERNYATAAN KAUANGAN
2019 SARENG PREDIKAT WTP.
- PANGAJEN PRDIKAT B TI KAMENTRIAN PENDAYAGUNAAN
APARATUR NEGARA DAN REFORMASI BIROKRASI RI NGEUNAAN
HASIL EVALUASI LAPORAN AKUNTABILITAS KINERJA INTANSI
PAMARENTAHAN.
- PANGAJEN PIKEUN KATEGORI TATA KELOLA PAMARENTAHAN :
SANG PAMIMPIN

KASUKSESAN SEJEN ANU KAHONTAL DI KABUPATEN PURWAKARTA
TAUN 2019 :

1. PANGAJEN TI "REGIONAL LEADER ENTREPRENEUR AWARDS 2019"
TI MARKPLUS.INC.
2. PANGAJEN NATAMUKTI 2019 TI KUKM REPUBLIK INDONESIA
KATEGORI : "KEPALA DAERAH YANG MEMAJUKAN UMKM DI
DAERAHNYA".
3. PANGAJEN TI GUBERNUR JAWA BARAT PENGHARGAAN KATEGORI
: "ANUGRAH JEJARING KABUPATEN PUSAT KREATIF JAWA
BARAT".
4. PANGAJEN KATEGORI : KABUPATEN PEDULI HAK ASASI MANUSIA
PADA TAHUN 2019 " TI MENTERI HUKUM DAN HAK ASASI
MANUSIA REPUBLIK INDONESIA.

SALAJENGNA JEJER PANGWANGUNAN PURWAKARTA TAUN 2020
NGARONJATNA KASEJAHTERAAN MASARAKAT NGALANGKUNGAN
OPTIMALISASI PELAYANAN PUBLIK DIANTAWISNA :

1. NGARONJATKEUN KUALITAS AKSES PAMARENTAHAN PELAYANAN
DI WIDANG PENDIDIKAN JEUNG KASEHATAN.
2. NYAMPURNAKEUN SARANA DAN PRASARANA INFRASKTRUKTUR
WILAYAH KAAYAAN JALAN.
3. NGARONJATKEUN KUALITAS KETERSEDIAAN AIR BERSIH JEUNG
SANITASI LINGKUNGAN.

4. OPTIMALISASI PANGWANGUNAN SEKTOR EKONOMI DINA RARAGA NGURANGAN MASALAH KEMISKINAN.
5. NGARONJATKEUN LAJU PERTUMBUHAN EKONOMI.
6. NGARONJATNA PROFESIONALISME APARATUR DINA PELAYANAN PUBLIK.

BUPATI MIWAH WAKIL BUPATI, PARA PERANGKAT DAERAH, DPRD SARENG WIDANG-WIDANG DI JERONA, ESTU KUDU NITENAN MANGSA KA TUKANG. KALAYAN ANU DIPIHAREP, TIASA NGARONJATKEUN PELAYANAN TI MANGSA KA MANGSA, DUGI KA HONTAL KASUGEMAAN LAHIR BATIN, HURIP WARAS ABDI.

KADUA, AJENAN JATI.

LEMAH MANEUH PANGBALIKAN, LEMBUR SUBUR PANGJUGJUGAN, MANGRUPA HAREPAN NU KUDU NGAWUJUD DINA KANYATAAN. NAGRI RAHARJA MANGRUPA NAGRI IMPIAN. NAGRI RAHARJA BISA JADI NAGRI KANYATAAN. NAGRI NU SUGIH MUKTI - GEMAH RIPA LOH JINAWI. KARAHARJAAN BISA KAHONTAL, SAUPAMI URANG SADAYA SAMIUK SAUYUNAN-MANCEGKEUN PATÉKADAN PIKEUN NGÉLÉBÉTKEUN BANDÉRA KARAHARJAAN DINA PANCÉN SÉWANG-SÉWANGAN.

PURWAKARTA BEURAT BEUNGHAR KU PAKAYA. BRÉH KEBONNA, BRO HASIL TATANÉNNA, SARTA MUDIGDIG HASIL INDUSTRIINA. ÉTA

SADAYA MANGRUPA POTÉNSI ALAM JEUNG POTÉNSI MANUSA ANU
KEDAH DIGARAP KALAYAN DARIA.

PURWAKARTA, NGADINGDING LANGIT MUKTI SAGARA RAHARJA.

ANU KATILU, PINUWUH TEKAD

TEKAD TUR PAMADEGAN DINA NGAWANGUN NAGRI RAHARJA
PURWAKARTA, KAUNGSEL DINA PAPAGON KASUNDAAN : CAGEUR –
BAGEUR – BENER – PINTER – TUR SINGER. CAGEUR AWAKNA,
BAGEUR SIKEPNA, BENER AHLAKNA, PINTER UTEUKNA, JEUNG
SINGER DIGAWÉNA KUDU NGAWUJUD DINA KANYATAAN.

BANGBALUH HIRUP JEUNG PANEKA JAMAN, ÉSTU SALAMINA
NYUBADANAN DINA KAHIRUPAN. BAWIRASA KITU, TONG JADI
HAHALANG, PIKEUN NGAWANGUN NAGRI RAHARJA PURWAKARTA.
PATANI SUGIH MUKTI, NU DAGANG SUKA SENANG, PANGUSAHA
AYEM TENG TREM, JEUNG PAMARÉNTAH GENAH BETAH TUMANINAH,
TINANGTU RAHAYAT SADAYA, SUKA KACIDA.

RAPAT DEWAN SARENG HADIRIN NU DIPIHORMAT,

DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, DINA TAUN 2019-2020,
SASARENGAN SARENG PAMARENTAH KABUPATEN PURWAKARTA,
PARANTOS NETEPKEUN :

1. TAUN 2019

- 16 (GENEP BELAS) PERATURAN DAERAH.
- 28 (DUA PULUH DALAPAN) KEPUTUSAN DPRD.
- 8 (DALAPAN) KEPUTUSAN PIMPINAN.
- 12 (DUA BELAS) KEPUTUSAN BERSAMA.

2. TAUN 2020 DUGI KA SASIH MEI AYEUNA

- 11 (SABELAS) KEPUTUSAN DPRD.
- 5 (LIMA) KEPUTUSAN PIMPINAN.

KU KITUNA, SIM KURING SALAKU KETUA DEWAN, SEJA UMAJAK KA SAKUMNA RAHAYA PURWAKARTA, UTAMINA KA NU NYANGKING KALUNGGUHAN DI PAMARENTAHAN, HAYU URANG SASARENGAN, SAREUNDEUK SAIGEL, SABOBOT SAPIHANEAN, SABATA SARIMBAGAN, DINA MERENAHKEUN DIRI, JADI BAGIAN PIKEUN NGARARANCANG, NGALAKSANAKEUN TUR NALINGAKEUN LUMANGSUNGNA PANGWANGUNAN DI KABUPATEN PURWAKARTA, LUYU SARENG PANCEN TUR GARAPAN SEWANG-SEWANGAN.

RUPINA MUNG SAKITU NU KAPIHATUR. MUGIA PISANGGEM NEMBE TIASA JADI PANGGEUING, OGE PAMAGEUH CANGREUD NU NGAHUDANG KASADARAN URANG SADAYA. UTAMINA KANGGO PAMARENTAH DAERAH OGE DPRD.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN NU DIPIHORMAT,

KANGGO LANCAR IEU ACARA, SIM KURING NEDA BANTOSAN KA PANUMBU CATUR, KANGGO NUYUN LUMANGSUNGNA ACARA SALAJENGNA.

KA PANGANTEUR ACARA SUMANGGA DIHATURANAN _____

CATATAN : RAPAT DIPANDU OLEH PEMBAWA ACARA SAMPAI DENGAN PELAKSANAAN ACARA PEMBACAAN DO`A, SETELAH SELESAI KEMUDIAN PEMBAWA ACARA MENYERAHKAN KEMBALI KEPADA PIMPINAN RAPAT. SELANJUTNYA RAPAT DILAKSANAKAN SEBAGAI BERIKUT :

NGAHATURKEUN NUHUN KA PANUMBU CATUR, REHING PARANTOS NGABANTOS SIM KURING DINA IEU RAPAT PARIPURNA.

RAPAT DEWAN MIWAH HADIRIN ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT,

RUNTUYAN ACARA KA ACARA PARANTOS RENGSE DILAKSANAKEUN KALAYAN LANCAR TUR TARTIB.

PANUTUP LAKU PAMUNGKAS BASA, SIM KURING SALAKU KETUA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, NGAHATURKEUN REWU NUHUN LAKSA KETI KABINGAHAN KA PARA WARGI SADAYA, ANU PARANTOS LUNTUR GALIH KERSA RURUMPAHEUN SUMPING NGALUUHAN RAPAT DINA DINTEN IEU.

SIM KURING NEDA DIHAPUNTEN BOH BILIH LANGKUNG SAUR BAHE
CAREK, AYA BASA NU KIRANG MERENAH NGALARAPKEUNANA, TEU
LUYU SARENG TETEKON, NEDA TAWAKUP ANU KASUHUN.

SAKALI DEUI, WILUJENG TAPAK GELAR (HARI JADI) KA-189 SARENG
MILANGKALA KABUPATEN KA 52.

SAKITU ANU KAPIHATUR,

KALAYAN NYEBAT **"ALHAMDULILLAHIRROBIL'ALAMIN"** RAPAT
PARIPURNA ISTIMEWA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA DINTEN
IEU, SENEN, PING 20 JULI 2020, KU SIM KURING :

===== DI TUTUP =====
===== KETOK PALU 3 KALI =====

BILLAHITTAUFIQ WALHIDAYAH.

WASSALAMUALAIKUM WR WB.

**DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH
KABUPATEN PURWAKARTA**

SEKRETARIS,

KETUA,

ttd

ttd

Drs. H. SUHANDI, M.Si

H. AHMAD SANUSI